

Direktiv DDS pou Moun k ap Okipe Timoun ak Granmoun ki gen Enkapasite Entelektyèl Lakay yo

(Enfòmasyon sa yo ekri dapre enfòmasyon ki soti nan CDC ak nan Massachusetts DPH)

Kòm nou tout deja konnen, Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a (CDC) ap pran dispozisyon pou yon epidemi grip H1N1 (Grip Kochon) nan sezon otòn sa a. Menm si nou pa bezwen chaje tèt nou twòp, nou dwe pran menas sa a oserye. Si w ap okipe yon moun ki gen enkapasite entelektyèl lakay li, veye byen paske gen anpil fwa yon moun konsa pa kapab esplike sentonm maladi li santi yo. Prekosyon ki pi enpòtan an, se fè bay moun lan vaksen depi moun koumanse kapab jwenn vaksen an. **Moun ki gen enkapasite entelektyèl yo, se moun yo konsidere tankou yon gwo priyorite pou resevwa vaksen H1N1 an. Kontakte Pwofesyonèl Sante (HCP) k ap okipe pitit ou a, oswa depatman sante kote ou rete a pou konnen ki kote ak kilè moun ka resevwa vaksen an.**

Gen plizyè prekosyon ou ka pran pou anpeche grip H1N1 an kontamine moun.

- 1) **Prekosyon ou dwe pran pou anpeche grip H1N1 an kontamine moun**
 - a. Lave men w souvan avèk dlo ak savon, oswa avèk likid ki fèt ak alkòl
 - b. Evite kenbe, kwoke, bo, oswa bay lanmen ak yon moun ki gen rim sèvo oswa grip la.
 - c. Eseye pa manyen je w, ni nen w, ni bouch ou.
 - d. Touse ak etènnye nan yon sèvyèt papyè, oswa nan pli koud ou, men pa nan men w.
 - e. Netwaye bagay moun manyen anpil, tankou manch pòt ak telefòn.
 - f. Eseye pa pran kontak avèk moun ki malad.

- 2) **Aprann kisa sentonm grip H1N1 an ye.** Yo sanble grip sezon an anpil. Sentonm ki parèt pi souvan yo se lafyèv, touse, malgòj, mal nan kò w, maltèt, frison, ak fatig. Gen moun tou ki konn gen dyare ak vomisman.

- 3) **Kisa mwen dwe fè si sentonm yo parèt?**
 - a. Si sentonm yo parèt, ou dwe kontakte Pwofesyonèl Sante (HCP) ki okipe pitit ou a. Moun sa a pral deside ki kalite tès ak/oswa tretman ki nesèsè.
 - b. Rete lakay ou jouktan lafyèv la gen 24 èdtan li pase, san ou pa bezwen pran medikaman ki bese lafyèv.
 - c. Pran oubyen fè moun malad la pran anpil repo.
 - d. Rete nan chanm ou toutotan ou kapab, pou w pa ale pre lòt moun ki rete nan kay la.
 - e. Bwè oubyen fè moun malad la bwè anpil likid.
 - f. Veye siy ki montre ijans, ki kapab fè ou bezwen atansyon medikal.
 - g. Kontakte HCP a tousuit si yon moun gen pwoblèm pou respire, oswa si bouch li ap chanje koulè, oswa l ap vomi oubyen li pa ka kenbe likid nan vant li, oswa li montre siy li dezidrate, tankou tèt vire, pa fè pipi, oswa endispozisyon.

Pou plis enfòmasyon sou grip H1N1 an, gade nan sit entènèt Depatman Sante Piblik Massachusetts ki ekri pi ba la a, oswa kontakte Depatman Sante Piblik la nan nimewo (617) 983-6800. **Sit entènèt Depatman Sante Piblik Massachusetts pou grip la:**
<http://www.mass.gov/dph/flu>